

## Dwa ak Pwoteksyon ou Genyen Kont Bil Medikal Pa Sipriz yo

Lè w ap resevwa swen ijan oswa lè se yon founisè ki nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal ambilatwa ki pa nan rezo a k ap pran swen w, ou pwoteje kont sa yo rele balans bil la. Nan ka sa yo, ou pa ta dwe peye plis pase frè plan kopèman an, ko-asirans lan ak /oswa dediktib ou a.

### Kisa ki “balans bil” la (pafwa yo rele l tou “bil sipriz”)?

Lè w al wè yon doktè oswa yon lòt founisè swen sante, ou ka oblije peye kèk frè ak kòb nan pòch ou, tankou kopèman, ko-asirans oswa dediktib. Ou ka gen frè anplis oswa ou ka nan obligasyon pou w peye tout bil yo si w al kay yon founisè oswa yon etablisman sante ki pa fè pati plan rezo asirans ou an.

“Pa an rezo” vle di tout founisè ak etablisman sante ki pa t siyen kontra ak plan sante w la pou yo bay sèvis yo. Founisè ki pa nan rezo yo ka otorize pou yo mande w pou w peye diferans ki rete ant sa plan w lan ap peye a pa rapò ak tout montan yo chaje w pou sèvis la. Se sa a yo rele “**balans bil**” la. Montan sa a gen anpil chans pou l koute w plis pase depans ou t ap gen pou w fè pou menm sèvis la nan men founisè an rezo yo epi li ka pa konte nan limit dediktib oswa kantite kòb ki sot nan pòch ou nan plan an pou ane a.

"Bil sipriz" la se yon bil ou pa t atann ak li. Sa a ka rive lè ou pa kapab gen kontwòl sou ki moun ki te patisipe nan pran swen w – tankou lè w gen yon ijans oswa lè w pran randevou pou yon vizit nan yon etablisman ki nan rezo a men yon founisè ki pa nan rezo a te trete w sanzatan. Bil medikal sipriz yo ka koute plizyè milye dola tou depann de pwosedi a oswa sèvis la.

Ou pwoteje kont bil pou:

### Sèvis ijans

Si ou gen yon pwoblèm medikal ki ijan epi yon founisè oswa yon etablisman ki pa nan rezo a ba w sèvis an ijans, pi plis bil yo ka ba ou se kantite lajan ou bay nan patisipasyon pou frè plan w lan (tankou kopèman, ko-asirans ak dediktib). Yo **pa ka** ba w balans bil pou sèvis ijans yo. Sa a gen ladan l sèvis ou ka jwenn apre eta w fin estab, amwenske w bay konsantman w alekri pou w di ke w bay pwoteksyon kont balans bil yo vag pou sèvis ki vin apre sitiyasyon ijans ou an.

*Anplis lwa federal la, eta Florid entèdi tou pou yo fè moun ki kouvri nan plan sante PPO ak HMO ki gen lisans nan eta Florid la peye balans bil pou sèvis ijans yo\*. Moun ki gen asirans ki enskri nan plan sante HMO oswa PPO yo pa responsab pou sèvis ijans ki pa nan rezo a, eksepte pou kopèman, ko-asirans, ak dediktib ki aplikab yo.*

**Kèk sèvis nan yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a**

Lè w jwenn sèvis nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, yo ka gen kèk founisè ki pa nan rezo a. Nan ka sa yo, pi plis founisè sa yo ka faktire w se montan pataje ke w konn peye nan plan an rezo w la. Sa aplikab nan medsin an ijans, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, ospitalis, doktè sèvis entansif. Founisè sa yo **pa ka** drese bil sipriz ba ou epi yo **pa ka** mande w pou w renonse a pwoteksyon w kont balans bil la.

*Eta Florid entèdi tou pou yo voye yon balans bil bay tout manm ki kouvri anba HMO\* Florid bay lisans yo, menmsi se nan sitiyasyon ki pa ijan. Selon lalwa Florid la, yo pa ka bay moun ki gen asirans ki enskri nan yon PPO bil pa sipriz pou sèvis ki pa ijan yo si li ta nan yon etablisman ki nan rezo a men li pa gen kapasite oswa posiblite pou l chwazi yon founisè byen patikilye.*

*\*Ou dwe verifye kat idantite plan sante ou a pou w ka konnen si yo otorize plan w lan nan eta Florid.*

**Yo p ap janm oblije w renonse a pwoteksyon w yo kont bil pa sipriz yo. Ou pa oblije nonplis al resevwa swen deyò rezo a. Ou ka chwazi yon founisè oswa yon etablisman ki nan rezo plan w lan.**

Lè yo pa otorize balans bil, ou gen pwoteksyon sa yo tou:

- Ou sèlman responsab pou w peye pati pa w nan depans yo (tankou kopèman, ko-asirans ak dediktib ou t ap peye si founisè a oswa etablisman an te nan rezo a). Plan sante w la ap peye founisè ak etablisman ki pa nan rezo a nenpòt lòt frè anplis, dirèkteman.
- Jeneralman, plan sante w la dwe:
  - Kouvri sèvis ijans yo san l pa mande w pou w jwenn yon apwobasyon alavans pou sèvis sa yo (yo rele l tou “otorizasyon alavans”).
  - Kouvri sèvis ijans founisè ki deyò rezo yo ba ou.
  - Kalkile montan w gen pou w bay founisè oswa etablisman an (depans pataje) pa rapò ak sa li t ap gen pou l peye yon founisè oswa yon etablisman an rezo epi montre montan sa nan esplikasyon avantaj ou yo.
  - Kontwole nenpòt montan w peye pou sèvis an ijans oswa sèvis ki pa an rezo yo nan limit dediktib ak kòb ki te gen pou sot nan pòch ou yo nan rezo a.

Vizite [www.cms.gov/nosurprises/consumers](http://www.cms.gov/nosurprises/consumers) pou plis enfòmasyon konsènan dwa w yo dapre lwa federal la.

**Si w panse yo te ba w yon bil san rezon, kontakte:**

**Federal: 1.800.985.3059**

**Eta: 1.877.693.5236 or 850.413.3089**